



MAYOR'S OFFICE FOR IMMIGRANT ADVANCEMENT

Martin J. Walsh, Mayor of Boston

Gid Debaz Sèvis ak Avantaj ki Disponib pou Moun ki Abite Boston Kèlkeswa Estati Imigrasyon Yo

Vil Boston se yon vil Akeyan ki bay sèvis ak pwogram pou tout moun ki abite nan Vil la kèlkeswa estati imigrasyon yo. Pou yon gid ki pi long, vizite:

www.boston.gov/immigrants.

BOS: 311

boston.gov/311; Nan Vil Boston, rele 311 pou antre an kontak avèk liy telefòn 24 sou 24 ki pa pou ijans Vil la pou kapab mande yo pou yo fè w pale avèk nenpòt lòt sèvis vil la oswa depatman vil la oubyen pou rapòte yon pwoblèm ou gen avèk yon sèvis vil la tankou fatra, nèj, twou nan wout, elatriye. Li kapab reponn apèl nan plizyè lang, 365 jou pa an.

Pwogram Kominote ak Apre Lekòl yo (Community & After-School Programs)

Sant Boston yo pou Jèn yo ak Fanmi yo (Boston Centers for Youth & Families): (617) 635-4920, boston.gov/departments/boston-centers-youth-and-families. Kou ak aktivite pou tout laj, gen ladan yo kou anglè, kou pou aprann li ak ekri, travay pou jèn yo ak preparasyon egzamen.

Depatman pou Patisipasyon ak Travay pou Jèn yo (Department of Youth Engagement & Employment): (617) 635-2240, youth.boston.gov/. Li ede jwenn pwogram apre lekòl, bous etid, travay nan sezon ete ak lòt opòtinite pou jèn ki gen tout laj.

Bibliyotèk Piblik Boston (Boston Public Library): (617) 536-5400, bpl.org. Liv gratis, DVD, CD, entènèt gratis ak aksè a òdinatè, kou enfòmasyon, kou anglè, aktivite pou timoun yo nan 24 biwo katye. Chak biwo gen yon Enfòmasyon pou Imigran yo (Immigrant Information Corners) avèk enfòmasyon sou imigrasyon, planifikasyon finansyè ak èd pou taks epi kèk biwo gen atelye sou sèvis imigrasyon.

Vyolans Domestik, Abi sou Timoun, Abi sou Granmoun

LyenSekirize (SafeLink): (877) 785-2020, casamyrna.org/safelink-home. Yon pwogram ki tabli nan tout eta a. Avoka ki fòme pou sa ofri sipò konfidansyèl, èd pou planifikasyon sekirite, koneksyon dirèk ak refij ak referans pou sèvis kominotè.

Sèvis pou Granmoun yo

Komisyon pou Granmoun yo: (617) 635-4366, boston.gov/departments/elderly-commission. Asistans pou lojman, transpò, swen sante, travay, evènman kiltirèl ak opòtinite volontè pou sitwayen ki gen anpil laj yo (plis pase 55 an).

Edikasyon

Pou Enskri nan Lekòl:

Anvan Kindègaden (3-5 an laj, plas yo limite,) (617) 635-9288, countdowntokindergarten.org/. Kindègaden – klas 12^{em} (gratis epi disponib pou tout moun); kontakte Sant Akèy Lekòl Piblik Boston yo (Boston Public Schools, BPS) ki pi pre w la oswa vizite discoverbps.org, (617) 635-9000.

- **Dorchester** (617) 635-8015; 1216 Dorchester Ave.
- **Roxbury** (617) 635-9010; 2300 Washington St., 2nd floor
- **Roslindale** (617) 635-8040; 515 Hyde Park Ave.
- **East Boston** (617) 635-9597; 312 Border St.
- **Mattapan** (617) 635-9596; 5 Mildred Ave.

Pwogram Moun K Ap Aprann Anglè yo (English Language Learners Program): (617) 635-1565, bostonpublicschools.org/ELL. Sipò pou elèv k ap aprann anglè yo.

Inivèsite (College/University): Yo ouvri a diferan pri pou moun k ap fè aplikasyon yo. Lis bous etid ki disponib kèlkeswa estati imigrasyon moun nan nan: www2.ed.gov/about/overview/focus/supporting-un-documented-youth.pdf, paj 23-26.

- **Piblik:** Moun ki abite Massachusetts, gen ladan elèv ki san pape legal avèk Aksyon Difere pou Timoun yo ka Vini, (DACA), yo peye frè eskolarite “in-state” (in-state tuition) (yon kantite lajan ki pi piti). Elèv ki san pape legal e ki pa gen DACA, yo dwe peye yon frè eskolarite “out-of-state” (out-of-state tuition) (yon kantite lajan ki pi wo.)
- **Prive:** Nenpòt ki moun ka aplike nan yon inivèsite prive. Gen kèk ladan yo ki kapab ofri bous etid kèlkeswa estati imigrasyon moun nan.

Edikasyon pou Granmoun: (617) 635-9300, bostonpublicschools.org/Page/4480. Kou pou granmoun (adilt) aprann li ak ekri, anglè, fòmasyon pou jwenn travay oswa pou pran yon diplòm lekòl segondè.

Èd Manje

Liy telefòn FoodSource pou ede moun (FoodSource Hotline): (800) 645-8333, project-bread.org/get-help/. Li bay enfòmasyon sou kantin ak pwogram manje (repa) kominotè yo; epitou li ede moun ki rele yo pou yo aplike pou:

- **Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)** - gen limitasyon an fonksyon estati imigrasyon an sepandan moun nan kay la kapab kalifye.
- **Pwogram Nitrisyon Sipleman Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC)** - pou fanm ansent, manman k ap bay tete, tibebe ak timoun ki gen jiska senkan.

Swen Sante

Liy Sante Majistra a (Mayor's Health Line): (617) 534-5050, bphc.org. Enskri nan asirans sante; jwenn ki kote sant sante yo ye; jwenn enfòmasyon sou swen pou timoun, èd manje, sèvis pou granmoun ki gen anpil laj yo ak èd legal.

Sanzabri

Pou èd pou jwenn abri ijans:

- **Endivid yo: Komisyon Sante Piblik Boston, Komisyon Abri Ijans:** (617) 635-4507, boston.gov/shelter.
- **Fanmi yo: Biwo Egzekitif Lojman ak Devlopman Massachusetts, Èd Ijans:** (877) 418-3308, mass.gov/hed/housing/stabilization/emergency-assistance.html.

Lojman

Otorite Lojman Boston (BHA): (617) 988-4000, bostonhousing.org/en/Home.aspx.

Li founi lojman estab, bon jan kalite lojman ki abòdab pou moun ki touche ti lajan ak moun ki touche mwayèn lajan; gen kèk limitasyon an fonksyon estati imigrasyon moun nan.

Depatman Sèvis Enspeksyon yo (ISD): (617) 635-5300,

boston.gov/departments/inspectional-services. Ofisye Enspeksyon yo ede asire ke règleman konstruksyon, lojman, sante, sanitasyon ak sekirite yo respekte; moun ka depoze plent pou yon mèt kay oswa yon lokatè isit la.

Si w santi gen diskriminasyon oswa move tretman mèt kay ou a fè poutèt ou depoze yon plent, kontakte ISD, (nimewo anwo a,) oswa Biwo pou Lojman Ekitab ak Ekite - Office of Fair Housing and Equity, (nimewo anba la a).

Biwo pou Lojman Ekitab ak Ekite (Office of Fair Housing and Equity): (617) 635-4408,

boston.gov/departments/fair-housing-and-equity. Kontakte yo si w panse ou te viktim diskriminasyon nan resevwa lojman, sèvis piblik, ebèjman oswa travay.

Li bay asistans tou pou jwen lojman an lokasyon pa lentèmedyè MetroList: (617) 635-3321.

Depatman Devlopman Katye: (617) 635-3880, dnd.cityofboston.gov.

Èd pou: achte yon kay oswa konsève yon kay; kòmanse, fè ekstansyon oubyen amelyore yon ti biznis; aprann dwa ak responsablite yo nan konfli mèt kay/lokatè.

Sèvis Imigrasyon yo

Biwo Majistra a pou Avansman Imigran: (617) 635-2980, www.boston.gov/immigrants.

Avoka volontè bay enfòmasyon legal imigrasyon yon moun a yon moun gratis nan sesyon nan premye ak twazyèm mèkredi chak mwa soti 12pm pou rive 2pm, san w pa bezwen pran randevou, Sal 806, Boston City Hall. Biwo a òganize tou sesyon analiz sitwayènte ak enfòmasyon legal ak referans pou òganizasyon kominotè ak òganizasyon legal.

KONNEN DWA W YO

Nan Lye Travay la, Ou Gen Dwa pou:

- Depoze yon plent pou salè yo pa peye w, lè sipleman, ak pèman vakans;
- Depoze yon demand pou avantaj konpansasyon travayè si w blese nan travay la;
- Pousuiv yon patwon an jistis poutèt reprezay oubyen revokasyon arbitè si yo revoke w poutèt ou te pale an favè kondisyon travay oswa salè;
- Òganize w epi negosye konsènan salè ak kondisyon travay;
- Pwoteksyon kont diskriminasyon ki baze sou sèks, oryantasyon seksyèl, jan (èske ou se yon fi oswa yon gason), idantite seksyèl, oswa estati transjan, ras, relijyon, andikap, orijin etnik, orijin nasyonal, oswa laj.

Pou plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent, kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Office) nan (617) 727-3465, mass.gov/ago/bureaus/public-protection-and-advocacy/the-fair-labor-division/.

Lè W Rankontre ak Lapolis

Lapolis Boston pa p mete w an detansyon w poutèt ou rapòte yon krim. Rele 911 si w viktim yon krim oswa ou wè yon bagay ki konsène w.

Depatman Lapolis Boston aplike yon pratik polis kominotè epi li pa mande enfòmasyon osijè estati imigrasyon w oswa rapòte estati imigrasyon w. Li pa arete oswa kenbe imigran yo *amwenske* gen yon manda pou sa. Ou pa gen pou diskite osijè estati imigrasyon oswa sitwayènte w ak lapolis oubyen kèlkanswa lòt ofisyèl. Pa bay manti osijè estati sitwayènte w oswa bay fo dokiman.

Konnen Fè yo pou Pwoteje Tèt ou Kont Eskwokri Imigrasyon

➤ Ou ta dwe al wè yon avoka ki gen lisans sèlman oswa yon reprezantan akredite BIA pou konsèy legal sou imigrasyon.

➤ Notè yo ak lòt manm kominotè yo, se fòm sèlman yo kapab ranpli, yo pa ta dwe ap ba ou konsèy sou ki fòm pou ranpli oswa kijan pou w ranpli fòm lan.

➤ Pou jwenn yon lis avoka ki gen lisans vizite: massbbo.org/bblookup.php.

➤ Pou jwenn yon lis òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ke BIA akredite, ansanm ak reprezantan yo, vizite: justice.gov/coir/recognition-accreditation-roster-reports.

Si w panse ke w te sibi yon eskwokri imigrasyon, kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Office) nan (617) 727-8400, mass.gov/ago/.